



## BUPATI WONOSOBO

---

### PAMEDHAR SABDA BUPATI WONOSOBO ING ADICARA HALAL BIL HALAL PERMADANI

**MINGGU, 28 APRIL 2024**

Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh,  
**Nugroho asihing Gusti Ingkang Moho Agung hambabar kawilujengan, mugi tansah kasandhang tuwin kasandhang ing jiwanggo handiko sedoyo lan kulo, sumrambah sagung dumadi widodo niskolo satemah lulus raharjo.**

- Poro sesepuh pinisepuh ingkang sampun pono ing pamawas miwah lebdo ing pitutur ingkang satuhu kinabekten.
- Poro Jajaran Forum Koordinasi Pimpinan Daerah Kabupaten Wonosobo soho Poro Pimpinan OPD ingkang sinudarsono.
- Pangarso tomo DPP Permadani miwah Ketua DPW Permadani Propinsi Jawa Tengah ingkang kalinggo pakurmatan.

- Ketua DPD Permadani Kodya lan Kabupaten Magelang, DPD Kabupaten Temanggung, Kabupaten Purworejo, Kabupaten Banjarnegara ingkang winengku ing bagaskwarasan.
- Ketua DPD Permadani Wonosobo dalah Ketua-Ketua Bidang miyah Pamong DPD ingkang sinanding karaharjan.
- Warga Permadani Kabupaten Wonosobo wiwit bregodo I dumugi bregodo XX soho sanggyaning tamu sinedhahan ingkang winengku kabagan tuwin kawilujengan.

*Alhamdulillah*, puji syukur konjuk dhumateng Gusti Ingkang Moho Asih, Dzat Ingkang Moho Tunggal, awit paringipun rahmat soho hidayah awujud ombering wekdal lan kawilujengan satemah panjenengan sedoyo lan kulo saget pepanggihan ing kalodhangan ingkang sae meniko, kanthi winengku ing karaharjan.

Shalawat dalah karahayon saking Allah SWT tansah lumeber dhumateng Priyagung unggulaning manungso nun inggih Nabi Muhammad SAW sumrambah sagunging titah, kalebet panjengan sedoyo lan kulo ingkang tansah ngrantu pitulunganipun ing puputing zaman samangke.

## **Sagung tamu ingkang kinurmatan,**

Hamiwiti matur ing ngarso panjenengan sedoyo lan karono taksih wonten ing wulan Syawal, keparengo ing wekdal meniko kulo ngaturaken Sugeng Riyadi 1445 Hijriyah, “**Taqabbalallahu Minna Wa Minkum, Taqabbal Ya Karim, Wa Ja’alanaallahu Wa Iyyakum Minal ‘Aaidin Wal Faaiziin Wal Maqbuulin Kullu Aamiin Wa Antum Bi Khair**”. Sampun tartamtu kulo ingkang kaampingan kalayan Gus Albar, dalah kulowargo, miwah jajaran Pamarentah Daerah, sadangu setunggal warso wonten tindhak tandhuk ingkang kirang trep, miwah boso saklimah rongklimah ingkang boten dados reno penggalih panjenengan sedoyo, nyuwun diagungno aksomo. Sinartan dedongo konjuk dhumateng Allah SWT, saget katampi sedoyo laku pangibadah panjenengan sedoyo lan kulo, sarto pinaringan sih donomarto rahayu saking Allah SWT arupi kaberkahanan lan karohmatan, satemah murakabi dhumateng kulowargo lan sasomo.

## **Wargo Permadani soho Tamu sinedahan ingkang sinandhing kawilujengan,**

Ing kalodhangan meniko, kulo rumaos mongkog lan ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpo pepindhan, dhumateng sedoyo wargo Permadani Wonosobo lumantar DPD Permadani, awit saking panyengkuyung kanthi sembodo ing karyo, Permadani Wonosobo dhumateng lestarining budoyo Jowo ing Kabupaten Wonosobo.

Menopo malih hangengeti ing era modernisasi lan globalisasi wekdal meniko, sadhengah wargo masyarakat saget pados informasi lumantar majuning teknologi, kalebet idiologi-idiologi ingkang boten trep kalayan kapribaden bongso. Awit saking meniko kiprahing Permadani minongko Purwakaning Bregodo, kinaryo benteng kangge nglestantunaken kabudayan, kalebet poro generasi mudo tumaruno Wonosobo, murih langkung mongkog lan hanresnani budoyo Jowo tetilaran poro leluhur.

Kanthi meniko kaajab Permadani saget tembayatan makaryo sesarengan kalayan Pamarentah Daerah mbudidoyo nguwataken identitas lokal, soho nglestantunaken warisan tradisi lan adat budoyo asli Wonosobo. Kasuwun poro generasi mudo tumaruno saget mangerten i lan nindakaken kanthi trep lan pratitis, gayutan kalayan budoyo lokal, mongkog nedahaken identitas minongko wargo masyarakat Wonosobo ingkang nJawani, sarto nggadhahi krenteg kangge kekiprah nglestantunaken tradisi lan budoyo. Awit saking meniko monggo bersinergi utawi tembayatan, kangge ngrembakaaken piwulang luhur ing filosofi budoyo Jowo ingkang nengenaken subosito lan unggah-ungguh, ingkang tartamtu saget mijilaken wargo masyarakat ingkang sae lan trep, kangge nglestantunaken budoyo menopo dene ngrampungi pakaryan ing Kabupaten Wonosobo ingkang panjenengan sedoyo lan kulo tresnani.

## **Sanggyo tamu ingkang bagyo lan mulyo,**

Minongko wargo Permadani, momentum Idul Fitri meniko sagego dipun pondhut intisarinipun kinaryo doyo kekuwatan pribadhi ingkang langkung sae, jumbuh kalayan sesanti **Tri Niti Yogyo**, ingkang ngagungaken harmonisasi sasomo. “**Memayu Hayuning Sasomo, Dados Juru Ladosing Pabrayan Ingkang Sae, Sadhengah Pakaryan Tansah Ngremenaken Tiyang Sanes**” minongko konsep ingkang trep jumbuh kalayan tindak tanduk prilakuning wong Jowo, ingkang sampun mbalung sumsum ing watek wantuning wong Jowo kang nengenaken subosito, unggah-ungguh, ajen ing ngajenan, ngetrapaken lan hanyaeni sedoyo ingkang gesang menopo dene ingkang mboten gesang, kanthi prilaku adil, wicaksono, serto kebak tresno asih. Babagan meniko saget kajumbuhaken kalayan intisari mengeti Idul Fitri, minongko dinten ingkang nyenengaken lan adamel bagyo mulyo lair trusing batin kangge sedoyo ingkang wonten ngalam ndonyo, ingkang kebak swasono jembaring penggalih kangge ngapuro ngapurunan miwah roso tresno asih.

Kantri meniko kasuwun sedoyo wargo Permadani sageet nindakaken sesanti **Tri Niti Yogyo**, sarto nengenaken sikep sopan santun utawi subosito ing pundi kemawon. Kasuwun ugi wargo Permadani minongko patuladhan kangge wargo masyarakat ing sakupengipun, ugi sageet nyikapi lan nyiasati dinamika ing pabrayan kantri arif lan wicaksono, satemah sageet kacipto masyarakat ingkang guyub rukun, hayom, hayem, tentrem, lan raharjo. Pangajab ing tembene Permadani sageet langkung ngremboko miwah kuncoro, mirunggan kangge nuwuhaken jati dhiri wargo masyarakat ingkang hanjiwo Jowo, satemah anggen mangun bongso dipun imbangi kalayan kualitas manungso ingkang unggul.

Makaten ingkang sageet kulo aturaken, kathah lepat atur nyuwun diagungno aksomo, pungkasaning kantri manjalmaning sesanti, **“Wejangan Kasuguh Mindra Katingal, Pamedhar Luhur Pujangga Upiksa”**.

**Matur nuwun, Wasono,  
Wassalamu’alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh.**

**BUPATI WONOSOBO  
ttd  
H. AFIF NURHIDAYAT, S.Ag.**